



KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO
FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO

Sekertariat : Jalan Raya Banyumas Km 04 Wonosobo Telp (0286)32286 E-mail : mtsnwonosobo@kemenag.go.id

SOAL SUMATIF TENGAH SEMESTER
TAHUN PELAJARAN 2024/ 2025

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari/Tanggal	: 23 September 2024
Kelas	: VII	Waktu	: 07.30 WIB – selesai

Wacanen crita pengalaman pribadi ing ngisor iki kanggo njawab nomer 1-4!

Plesiran ing Semarang

Pinuju dinten libur kula sakanca dipunirid guru karya wisata dhateng Pelabuhan Semarang, seneng-seneng ngiras pados indhaking seserepan. Kanca kula kelas sekawan sedaya wonten lare kawan dasa. Dados, cepak ngangge bis satunggal, dipunirid bapak guru saha bapak kepala sekolah.

Tabuh pitu enjing kula sakanca bidhal saking Sala. Lampahipun bis ingkang kula tumpaki bablas tanpa mawi kendel-kendel. Ing samargi-margi kula sekanca seneng nyawang endahing sesawangan sakiwa tengenipun margi. Dumugi ing Tuntang, kitha alit ing salering kitha Salatiga, ing sisih kiwaning margi ketingal rawa pening kang toyanipun lerab-lerab katut ing sumiliring angin, ketingal nengsemaken.

Watawis tabuh sanga bis ingkang kula tumpaki sampun dumugi ing Pelabuhan Semarang. Wonten mriku kula sumerep kapal alit-alit katah sanget, sami momot kajeng. Baita punika sami labuh ing sungapaning lepen. Kapal ingkang ageng boten saged labuh wonten ing mriku, jalaran ing ngriku toyanipun cethek saha papanipun rupeg sanget. Kapal ingkang ageng sami labuh wonten ing papan sanes, tebih saking gisiking segara, ing panggenan lebet. Saking panggenan labuhipun baita-baita ingkang toyanipun ageng ngantos dumugi ing gisiking seganten wonten margi panjang, wiyaripun watawis pinten- pinten meter. Kejawi baita barang, ing sakiwa-tengenipun margi punika ugi kathah baita alit-alit sami kendel. Baita punika dipunsewakaken dhateng umum ingkang kepengin badhe praon. Saking ngriku ugi ketingal wonten baita layar alit-alit pating krampul wonten ing satengahing segara. Baita punika baitanipun para juru misaya mina, ingkang sami badhe wangsul ndharat.

Tabuh tiga siyang kula tata-tata badhe wangsul. Kangge oleh-oleh bapak ibu saha adhi-adhi ing griya, kula tumbas ulam seganten lan rempeyek urang.

1. Ing ngendi para siswa nindaake karya wisata?
 - A. Ing gunung
 - B. Ing Pelabuhan
 - C. Ing pantai
 - D. Ing sawah

2. Kapan para siswa mangkat karya wisata?
 - A. Sore
 - B. Isuk
 - C. Awan
 - D. Wengi

3. Sapa wae sing melu karya wisata?
 - A. Para siswa
 - B. Para siswa, bapak ibu guru, kepala sekolah
 - C. Kepala sekolah
 - D. Satpam sekolah

4. Ing perjalanan para siswa nindaake apa?
 - A. Turu
 - B. Nggarap tugas
 - C. Dolanan game
 - D. Nyawang endahing sesawangan

5. Ing ngisor iki kang ora klebu jenis crita pengalaman pribadi yaiku ...
 - A. cerita pengalaman pribadi sing nyenengake
 - B. cerita pengalaman pribadi sing nyedihake
 - C. cerita pengalaman pribadi kang medeni
 - D. jinising kedadean

6. Apa sing kudu ditindakake nalika maca crita pengalaman?
 - A. Intonasi sing apik
 - B. Jinising kedadean

- C. Papan panggonan
 - D. Urutaning kedadean
7. Sakdurunge nulis karangan becike gawe
- A. cengkorongan
 - B. pambuka
 - C. isi
 - D. topik
8. Cengkrongan iku awujud ...
- A. isi
 - B. ukara baku
 - C. ukara campuran
 - D. pralambang
9. Perkenalan paraga lan watake, klebu alur kang awujud ...
- A. ngenalke masalah
 - B. mangerteni isi
 - C. masalah utawa konflik
 - D. klimaks/pucak konflik
10. Modhale miwiti nulis ukara yaiku kudu pinter anggone ngrakit ...
- A. pengalaman
 - B. tembung
 - C. karangan
 - D. cengkrongan
11. Ing bahasa jawa, panggunane pasa kudu nganggo
- A. basa
 - B. crita
 - C. nulis
 - D. unggah-ungguh

12. Ukara ing ngisor iki kang nganggo basa ngoko alus yaiku
- A. bapakku tindak gasik bareng aku mangkat sekolah
 - B. bu saweg masak
 - C. kula badhe sowan dalemipun bu guru
 - D. budhe maringi angsal-angsal kangge kula
13. Cerita rakyat yaiku cerita kang asipat lesan, kang tumurun dipercaya dening wong-wong wiwit nenek moyang nganti saiki. Ing cerita rakyat ana cerita fiksi lan non fiksi. Cerita fiksi umpamane yaiku cerita kang ana sesambungane karo asal usul dumadine papan panggonan kang biasane diarani
- A. sage
 - B. fabel
 - C. legenda
 - D. mite
14. Ing ngisor iki kang ora klebu sifat-sifate cerita rakyat yaiku
- A. anonim
 - B. diceritakake kanthi lesan
 - C. diceritakake turun-temurun
 - D. legenda
15. Ora diweruhi sapa sejatine kang nganggit kasebut
- A. anonim
 - B. kolektip
 - C. statis
 - D. imajiner
16. Jinising legenda iku kaperang dadi papat yaiku legenda keagamaan, legenda alam ghaib, legenda pawongan lan legenda sawijining papan. Kang disebut legenda alam ghaib yaiku
- A. legenda kang ngandharake crita para tokoh agama kayata walisongo
 - B. legenda kang nyritakake wong-wong tertamtu kang kaanggep nyata kedadeane
 - C. legenda kang nyritakake cerita tahayul kanggo ngandharake menawa alam ghaib iku pancen ana

D. legenda kang yritakake papan utawa topografi sawijining daerah

17. Ing ngisor iki kang klebu wujud crita rakyat mite yaiku

- A. dongeng nyai roro kidul
- B. dongeng sato kewan
- C. dongeng rawa pening
- D. dongeng sikancil

Wacanen cerita ing ngisor iki kanggo njawab nomer 18-19!

Bandung Bandawasa ing kerajaan prambanan, dheweke weruh putri sing ayu banget. Putri iku jenenge Roro Jonggrang yaiku putrine Prabu Baka. Banjur Bandung Bandawasa nglamar Roro Jonggrang nanging ana syarate, syarate yaiku Bandung Bandawasa kudu nggawe candi kang cacahé ana 1000 tapi wektune sewengi, menawa Bandung Bandawasa bisa Roro Jonggrang gelem nerima lamarane Bandung Bandawasa. Bandung Bandawasa direwangi jin lan setan kanggo nggawe candi sing cacahé 1000. Roro Jonggrang wedi menawa Bandung Bandawasa bisa nggarap penjaluke banjur ngumpulake dhayang-dhayang kanggo nguripi dami, ngunekna lesung lan nyebarake kembang sing wangi. Jin mau wedi lan dikira wis esuk banjur pada lunga, candi sing digarap cacahé wis 999 nanging kurang siji, kanggo ngganepi candi supaya cacahé dadi 1000 Bandung Bandawasa ngesabda Roro Jonggrang dadi patung lan ngganepi candi dadi 1000 amarga Bandung Bandawasa nesu marang Roro Jonggrang sing wis manali dheweke.

18. Miturut cerita kasebut syarat sing diwenehke marang Bandung Bandawasa yaiku

- A. nggawe candi
- B. nggawe gubug
- C. nggawe candi kang cacahé 1000
- D. nggawe plataran

19. Apa sing marakke Bandung Bandawasa nesu marang Roro Jonggrang?

- A. Amarga Roro Jonggrang manali Bandung Bandawasa
- B. Amarga Roro Jonggrang nglakoni kesalahan
- C. Amarga Roro Jonggrang ora nerima lamarane
- D. Amarga Roro Jonggrang dadi patung

20. Ing ngisor iki kang ora klebu unsur cerita rakyat yaiku ...

- A. Underan/ tema
 - B. latar
 - C. penokohan
 - D. waktu
21. Miturut wateke paraga keperang dadi 3 yaiku antagonis, protagonis lan tritagonist, sing disebut paraga tritagonist yaiku
- A. paraga utama
 - B. paraga tambahan
 - C. paraga paketrine apik
 - D. paraga kang dadi penengah
22. Tema yaiku ide pokok utawa prakara utama kang dhasari crita menawa alur yaiku
- A. urutane kedadean crita
 - B. gambaran karakter
 - C. wektu kedadean
 - D. sudut pandang
23. Miturut saka krungu lan orane swara kang maca, jenise maca ana 10 salah sijine maca ing jroning ati. Maca ing jroning ati yaiku
- A. maca sing seru
 - B. maca saklebatan
 - C. maca sing dibatin ing njero ati
 - D. maca sing banter
24. Karangan iku dumadi saka
- A. rerangkening ukara
 - B. tembung-tembung
 - C. pokok-pokok karangan
 - D. ukara karangan
25. Supaya bisa nulis ukara kudu pinter anggone ngrakit
- A. tembung-tembung

- B. ukara
- C. karangan
- D. peristiwa